# Дала леррина къобалвина Іийса дуьнен чу валар

1 Оцу деношкахь Август цІе йолчу паччахьера омра делира,
Рим-пачхьалкхера массо а адам дІаязде аьлла. 2 Сири-пачхьалкххехь
Куьрнас олалла дечу хенахь, адамийн дуьххьарлера дІаяздар дара
иза. 3 Цундела хІора а ша схьаваьллачу гІала вахара дІаязвала. 4
Юсуп а вахара Галилайн махкара Назарт-гІалара ЯхІуд-махка
Дауд-паччахь винчу Байтлахам-гІала, хІунда аьлча иза Даудан
цІийнах схьаваьлла вара. 5 Иза, доьзалхочух йолу шен зуда Марем а
эцна, дІаязвала воьдуш вара. 6 Уьш Байтлахамехь болуш доьзалхо
дуьненчу волу хан тІеккхечира. 7 Марема кІант вира, шен
дуьххьарлера доьзалхо. Цо иза, дІа а хьарчийна, шаьш чохь долчу
божалан хьаьвди чу виллира, хІунда аьлча царна хьешан цІа чохь
меттигаш ца кхаьчнера. 8 Оцу махкахь арахь буьйсанна шайн
даьхни лардеш Іуй бара. 9 ЦІеххьана царна хьалха Делан Малик
хІоьттира, Везачу Элера долчу нуьрца уьш серла а бохуш. ЧІогІа
кхерабелира Іуй. 10 Малико элира цаьрга: «Кхера ма лолаш! Со
шуьга массо а адам даккхий ден долу хаза кхаъ бахьаш деана! 11
Тахана Даудан гІалахь дуьнен чу ваьлла шу КІелхьарадохург, Дала
леррина Къастийна Эла. 12 ХІара билгало ю шуна: ДІахьарчийна
Бер карор ду шуна хьаьвди чохь». 13 ЦІеххьана Маликана улло
стиглара вуно дукха тІемалой-маликаш диссира. Цара, Далла
хастамаш а беш, бохура: 14 «Стиглашкахь Далла хастам бу! Дуьнен
тІехь Дела реза волчу адамашна машар бу!» 15 Маликаш стигала
хьаладевлча, Іуша вовшашка элира: «Байтлахаме а дахана, цигахь
хІун хилла хьовса деза вай, вайга Дала баийтинарг хІун хаам бу». 16
Уьш цига сихонца бахара. Царна карийра Марем а, Юсуп а,
хьаьвданахь Іуьллу Бер а. 17 Бер гинчу цара дийцира, Цунах болу
шайга бинчу хаамах лаьцна. 18 Массо а ладугІушверг цецваьллера
Іуша дийцинчунна. 19 Ткъа Марема дерриг а хезнарг Шен даг чохь
латтадора. 20 Іуй юхабирзира, Далла хастам а беш, хІунда аьлча
царна хезнарг а, гинарг а Малико цаьрга ма-аллара хиллера.